

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung pedaran kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VII SMP Miftahul Iman Bandung taun ajar 2021/2022, ieu hasil panalungtikan téh bisa dicindekeun saperti ieu di handap.

- a. Kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VII SMP Miftahul Iman taun ajar 2021/2022 saméméh ngagunakeun modél *Scramble* kaasup can mampuh. Rata-rata peunteunna 46 tina peunteun maksimal 100, kurang ti KKM nyaéta 70. Peunteun pangleutikna nyaéta 17,5 ari peunteun panggedéna nyaéta 73,75. Dina tés kamampuh saméméh ngagunakeun *Scramble*, siswa anu can mampuh nulis aksara Sunda aya 17 siswa atawa 85%, ari anu mampuh aya 3 siswa atawa 15%.
- b. Kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VII SMP Miftahul Iman Bandung taun ajar 2021/2022 sanggeus ngagunakeun modél *Scramble* kaasup mampuh, hartina siswa geus mampuh nulis aksara Sunda luyu jeung kaidah panulisan aksara Sunda anu bener. Ieu hal katitén tina rata-rata peunteunna 80,5, leuwih ti KKM nyaéta 70. Peunteun pangleutikna nyaéta 57,5 ari peunteun panggedéna nyaéta 92,5. Dina hasil tés sanggeus ngagunakeun modél *Scramble*, siswa anu can mampuh nulis aksara Sunda aya dua urang atawa 10%, ari siswa anu geus mampuh nulis aksara Sunda aya 18 urang atawa 90%.
- c. Aya karonjatan kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VII SMP Miftahul Iman Bandung taun ajaran 2021/2022 antara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Scramble*. Tina rata-rata peunteun 46 ngaronjat jadi rata-rata 80,5. Anapon Kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VII SMP Miftahul Iman Bandung taun ajar 2021/2022 dina aspék aksara ngalagena kaasup ngaronjat sajumlah 6 skor. Rata-rata skor saméméh ngagunakeun modél *Scramble* nyaéta 13,05 (sedeng). Sanggeus digunakeunna modél *Scramble*, rata-rata skor aspék aksara ngalagena ngaronjat jadi 19,5 (hadé). Kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VII SMP Miftahul Iman Bandung taun ajar 2021/2022 dina aspék aksara swara kaasup ngaronjat sajumlah 1,2

skor. Rata-rata skor saméméh ngagunakeun modél *Scramble* nyaéta 2,4 (sedeng). Sanggeus digunakeunna modél *Scramble*, rata-rata skor aspék aksara ngalagena ngaronjat jadi 3,6 (hadé). Kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VII SMP Miftahul Iman Bandung taun ajar 2021/2022 dina aspék rarangkén kaasup ngaronjat sajumlah 11,15 skor. Rata-rata skor saméméh ngagunakeun modél *Scramble* nyaéta 3,1 (kurang). Sanggeus digunakeunna modél *Scramble*, rata-rata skor aspék aksara ngalagena ngaronjat jadi 14,25 (hadé). Kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VII SMP Miftahul Iman Bandung taun ajar 2021/2022 dina aspék angka kaasup ngaronjat sajumlah 3,95 skor. Rata-rata skor saméméh ngagunakeun modél *Scramble* nyaéta 3,85 (sedeng). Sanggeus digunakeunna modél *Scramble*, rata-rata skor aspék aksara ngalagena ngaronjat jadi 7,8 (hadé). Kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VII SMP Miftahul Iman Bandung taun ajar 2021/2022 dina aspék proporsi tulisan kaasup ngaronjat sajumlah 4,85 skor. Rata-rata skor saméméh ngagunakeun modél *Scramble* nyaéta 14,4 (sedeng). Sanggeus digunakeunna modél *Scramble*, rata-rata skor aspék aksara ngalagena ngaronjat jadi 19,25 (sedeng).

- d. Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VII SMP Miftahul Iman Bandung taun ajar 2021/2022 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Scramble*. Béda kamampuh siswa saméméh jeung sanggeus maké modél *Scramble* dibuktikeun dina uji hipotésis. Uji hipotésis dina ieu panalungtikan ngagunakeun uji *Paired Sample T-test*. Nilai sig. (2-tailed) $0,000 < 0,05$. Ieu hal nuduhkeun yén H_1 ditarima atawa H_0 ditolak. Hartina yén aya béda nu signifikan antara kamampuh saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél aksara Sunda. Ku kituna, modél *Scramble* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VII SMP Miftahul Iman Bandung Taun Ajar 2021/2022.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil panalungtikan, larapna modél *Scramble* miboga implikasi yén ieu modél bisa ditarima ku siswa. Digunakeunna modél *Scramble* jadi salasihiji cara pikeun numuwuhkeun motivasi jeung mikir gancang dina manggihan jawaban.

Dina prak-prakanna, siswa leuwih aktif interaksi jeung babaturanna, siswa leuwih kreatif, jeung siswa jadi leuwih maham matéri pangajaran ku sabab ieu modél dilarapkeun dina diskusi kelompok.

5.3 Rékoméndasi

Sangeus dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan kamampuh nulis aksara Sunda ngagunakeun modél *Scramble*, aya sababaraha rékoméndasi sangkan panalungtikan anu satuluyna bisa leuwih hadé sarta aya kamajuan dina prosés diajar ngajar, di antarana nyaéta saperti ieu di handap.

- a. Modél *Scramble* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda. Ku kituna ieu modél bisa dijadikeun salasihiji alternatif pikeun guru dina pangajaran nulis aksara Sunda.
- b. Dina panalungtikan nulis aksara Sunda maké modél *Scramble* aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun, nyaéta 1) kudu maham kana sintak modél pangajaran *Scramble*; 2) ngarancang pangajaran kalayan bener jeung sistematis; 3) kudu pinter ngokolakeun waktu.
- c. Dipiharep ayana panalungtikan modél *Scramble* dina pangajaran nulis atawa pangajaran séjénna sangkan bisa leuwih ngabuktikeun yén modél *Scramble* éféktif dina pangajaran nulis.